

21 Jiyè 2020

Chè Kominote OSS,

Pandan n'ap gad devan e ap prepare pou ane lekòl 2020-2021, nou vle eksprime rekonesans envè ou pou fleksibilité ou e adaptabilité ak jan ou té byen vit fè tranzisyon pou aprantisaj a distans nan figi pandemi COVID-19 la nan mwa Mas. Nou santi fristrasyon ak konfizyon chanjman sa a te lakòz ou menm ak fanmi ou, epi tou nou konnen ki jan li enpòtan pou komunikasyon alè pandan tout monté ak désann sa yo. Pou rezon sa a, ekip mwen ak mwen ap travay nan ete sa a pou nou kapab korijé pwosedi nou yo akpratik yo pi byen sipòte ptit ou a si lekòl la ouvri totalman oswa konplètman aleka, oswa yon kombinezon de tou de. Sa pral enkli plis komunikasyon regilye ak plis opòtinite pou nou kapab kolabore nan nouvo anvirònman aprantisaj sa a.

Nou konnen gen anpil kesyon ki bezwen repons, epi nou pral adrese nan tout possibilité nou. Tanpri jwenn dènye Mizajou nou genyen pou ou yo pi ba a:

**1. Depatman Edikasyon Primè ak Segondè (DESE) Konsèy Otòn pou Elèv ki andikape yo:** Premyèman, si tan plen pa posib pou tout elèv yo, DESE te mande distri yo pou bay priyorite nan enstriksyon an pèsòn pou elèv ki lekòl matènèl yo ak moun ki gen bezwen konplèks. Si plen tan pa posib pou elèv sa yo, nou ankouraje distri lekòl yo pou bay tout kantite moun ki posib nan yon baz tan pasyèl elèv ki gen enpòtan epi ki konplèks (sétadi térapí ki gen rapò, ABA, ak gwoup kapasite sosyal yo). Si gen fanmi chwazi sèlman opsyon aleka a, oswa si gen yon mandan pou tout elèv yo aprann a distans, lè sa a lekòl yo ak distri yo dwe prepare pou bay sèvis atravè mòd “Enstriksyon ak sèvis” nan livrezon jan sa endike nan IEP elèv la.

**2. Sondaj sou Fanmi OSS yo:** Nou te voye yon sondaj nan Lendi nan semèn sa a pou aprann plis de ou menm ak eksperyans aprantisaj ptit ou a nan Pretan an. Nou konnen kijan tranzisyon defi sa a te fèt, ak fidback nan planifikasyon pou Otòn la pou nou kreye opòtinite pou aprann aleka pou tout elèv yo. Tanpri ranpli kout sondaj sa a jiska Lendi 27 Jiyè. Si ou bezwen asistans, tanpri kontakte nou nan [cps@cpsd.us](mailto:cps@cpsd.us) or 617.349.6494.

**3. Chak Mwa Town Halls Vityèl:** Mwen pral fè yon seri town hall vityèl kap kòmanse Jedi, 30 Jiyè a 3pm tanpri soumèt nenpòt kesyon ou ta renmen pou nou diskite [Here](#). Nou pral bay plis detay sou evènman an ansanm ak lyen, aksè a byento.

Nan Patenary,

Dr. Alexis Morgan

Asistan Sipètentandan, Biwo Sèvis Elèv yo